



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 25/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$14.4 MILYON DOLA NAN FINANSMAN AMERICORPS

Finansman an Pral Sipòte Rekritman Nouvo Manm AmeriCorps nan 14 Òganizasyon ki Atravè Eta New York lan

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Eta New York te resevwa \$14.4 milyon dola nan finansman AmeriCorps ki pou sipòte 14 òganizasyon kap pwomouvwa sante ak edikasyon timoun yo, preparasyon pou katastwòf, ansanm ak lòt inisyativ enpòtan. Finansman sa, ke Kòporasyon pou Sèvis Kominotè ak Nasyonal lan te bay la, pral sipòte rekritman nouvo Manm AmeriCorps yo. Gen \$8.1 nan fon sibvansyon konpetitif ke yo te bay deja, ak yon lòt \$6.3 milyon dola adisyonèl nan sibvansyon AmeriCorps Leta New York ke yo pral gen pou anonse pwochènman nan ane sa.

“Nouyòkè yo ede Nouyòkè parèy yo lè yo pi bezwen sa – yon tradisyon ki te ilistre ak Volontè fantastik AmeriCorps yo ki nan tout kwen Eta sa,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa pral sipòte travay vital òganizasyon sa yo pou amelyore lavi epi ede konstwi yon vil New York ki pi fò pou tout moun.”

Chak òganizasyon k’ap resevwa finansman an te planifye yon pwogram pou adrese bezwen espesifik yo nan kominote li ya. Atribiye atravè yon pwosesis konpetitif Demann pou Pwopozisyon nasyonal, finansman an pral pèmèt 14 òganizasyon ONG rekrite nouvo manm AmeriCorps. Leta New York te jwenn pi bon rezilta li nan senk lane ki sot pase la yo, ak 90 pousan demand sibvansyon yo ki te finanse. Komisyon Sèvis Kominotè & Nasyonal Eta New York lan – Nouyòkè Volontè yo pral jere finansman an.

Linda Cohen, ki se Direktris Ekzekitif Komisyon Sèvis Kominotè & Nasyonal Eta New York lan, te deklare, “Manm AmeriCorps yo ap fè yon diferans reyèl nan eta nou an, epi nou rekonesan poutèt Kòporasyon Sèvis Kominotè ak Nasyonal la te montre yon gwo sipò pou ekselan pwogram sèvis nasyonal New York yo. Ke li se pwòpte apre yon tanpèt ki devastan, oswa ede timoun yo reyisi lekòl, finansman sa pral favorize kwasans kominote y’ap sèvi yo.

Pwogram ki ap resevwa yon nouvo sibvansyon AmeriCorps:

Non Óganizasyon	Rezime Pwogram	Finansman ki Apwouve	Popilasyon ki Desèvi
Blue Engine		\$950,400	New York City

	Prepare elèv lekòl segondè piblik yo ki soti nan kominote ki defarovize yo pou ka reyisi nan inivèsite.		
Jumpstart for Young Children, Inc.	Ede timoun lekòl matènèl yo ki nan katye defarovize yo devlope lang k'ap emèje ak konpetans alfabetizasyon.	\$709,415	New York City
Legal Assistance of Western New York, Inc.	Fim Jiridik ONG yo k'ap bay èd legal gratis a moun ki gen pwoblèm sivil legal yo nan rejyon lwès New York lan.	\$261,734	Rochester
New York City Office of the Mayor	Amelyore rezistans kominotè epi reponn a defi yo atravè NYC Civic Corps.	\$1,200,000	New York City
New York State Unified Court System	Bay sèvis rezolisyon konfli nan lekòl yo atravè Leta New York, nan konsantre sou prezans, disiplin ak diskisyon entèpèsionèl yo.	\$337,500	New York City
Reading Partners	Rekrute epi jere volontè yo pou bay leson patikilye alfabetizasyon pou lektè ki gen difikilte yo nan klas K – 5.	\$337,500	New York City
The Service Collaborative of WNY, Inc.	Planifye epi aplike pwogram pou ede timoun yo ki nan	\$1,141,538	Buffalo and Western New York

	katye pòv yo reyisi lekòl.		
Student Conservation Association, Inc.	Konstwi pwochè jenerasyon lidè konsèvasyon yo, enspire jesyon anviwònman an sou yon peryòd tan ki long, angaje jèn moun pou sèvis manyèl nan latè.	\$645,000	Adirondacks and Hudson Valley
Sunset Park Health Council, dba NYU Lutheran Family Health Centers	Bay bon kalite premye swen sante anbilan ki pa chè, epi sipòte sèvis pre lakay la, kòm yonn nan pi gwo rezo Sant Sante ki Kalifye o nivo Federal (Federally Qualified Health Center (FQHC)) nan nasyon an.	\$197,788	New York City

Pwogram aktyèl yo ki ap resevwa yon dezyèm oswa twazyèm ane finansman:

Non Óganizasyon	Rezime Pwogram	Finansman ki Apwouve	Popilasyon ki Desèvi
American Red Cross of Northeastern NY	Edike piblik la sou preparasyon pou katastwòf yo, rekrute volontè Kwa Wouj, epi sipòte repons rapid.	\$346,417	Capital Region
East Harlem Tutorial Program	Metè sou pye yon pwogram a domisil pou preparasyon pwofesè, pou sipòte edikasyon nan kominote ki gen anpil bezwen yo.	\$139,982	New York City
FoodCorps, Inc.	Enfòme timoun lekòl piblik yo sou bon jan kalite manje atravè edikasyon	\$126,100	New York City

	nitrisyon ak lekòl jaden yo.		
Genesee County Youth Bureau	Bay jèn timoun nan kominote a edikasyon sou egzèsis, nitrisyon ak jesyon anviwònman an.	\$129,311	Genesee, Orleans, and Wyoming counties
Harlem Children's Zone	Prepare timoun yo pou lekòl; amelyore alfabetizasyon nan klas K - 5; epi ede elèv klas 12yèm ane yo diplome atan.	\$1,601,470	Central Harlem

Charles B. Rangel, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman li pou ede agrandi AmeriCorps, yon pwogram enpòtan ki pa koute anpil kòb ki angaje jèn yo atravè tout peyi a. Finansman jenere Kòporasyon Sèvis Kominotè ak Nasyonal lan pral sèvi kòm yon envestisman dirab pou enplike tout Nouyòkè yo nan travay enpòtan sa pou amelyore kominote nou yo, nan bay sèvis esansyèl nan edikasyon ak enfrastrikti.”

José E. Serrano, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Finansman federal enpòtan sa pral pèmèt kèk nan ONG leta nou an ki pi enpòtan yo pou yo ranfòse tèt yo, epi etann aktivite yo nan rekrite nouvo manm AmeriCorps. Travay ONG sa yo enpòtan anpil nan kominote nou yo tankou Bronx, epi gras a finansman sa a, yo pral kapab ofri plis pwogramasyon ak sèvis nan yon kantite domèn kle ki gen ladan yo sante timoun yo, edikasyon, ak preparasyon pou katastwòf yo.”

Brian Higgins, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Òganizasyon Sèvis yo fè vizyon yo vin tounen aksyon konkrè pou kapab reyalize chanjman dirab. AmeriCorps ansanm ak Sèvis Kolaboratif WNY lan pral itilize resous sa yo pou kreye sistèm sipò pou lekòl timoun yo, pou konble vid enpòtan ki genyen yo pou kapab konstwi yon fondman solid, epi ba yo mwayen pou kapab reyisi.”

Komisyon Sèvis Kominotè & Nasyonal Eta New York lan - Nouyòkè Volontè yo

Komisyon Sèvis Kominotè & Nasyonal Eta New York la - Volontè Nouyòkè yo ap chèche pou amelyore lavi, ranfòse kominote yo, epi favorize angajman sivik atravè sèvis ak volontarya nan Eta New York. Se ak yon Dekrè Egzekitif Gouvènè a te kreye l nan lane 1994, epi l ap jere pwogram ki gen bourad lajan National Community Service Trust Act of 1993, san bliye pwogram AmeriCorps State ak Pwogram Bous Edikasyon AmeriCorps.

Pou plis enfòmasyon, vizite newyorkersvolunteer.ny.gov, renmen paj [NYS CNCS](https://www.facebook.com/NYS-CNCS) sou Facebook, epi swiv [@NYersVolunteer](https://twitter.com/NYersVolunteer) sou Twitter.

AmeriCorps

AmeriCorps administre pa Kòporayson pou Sèvis nasyonal ak Kominotè, yon ajans federal ki angaje plis pase senk milyon Ameriken nan sèvis atravè AmeriCorps, Senior Corps, the Social Innovation Fund, ak the Volunteer Generation Fund, e li kondwi apèl nasyonal Prezidan nan inisyativ sèvis, Nou Ini pou Sèvis. Depi 1994, plis pase 72,000 manm AmeriCorps nan New York te konplete plis pase 110 milyon èdtan sèvis. Pou plis enfòmasyon, vizite [NationalService.gov](https://www.nationalservice.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418